

**ADVOCATES FOR CHILDREN
(DEFANSÈ TIMOUN)
151 W. 30TH ST., 5TH FLOOR
NEW YORK, NY 10001**


TELEFÒN: (212) 947-9779 FAKS: (212) 947-9790

WWW.ADVOCATESFORCHILDREN.ORG

**SÈVIS ASISTANS TELEFONIK: LENDI-JEDI
10È AM RIVE 4È PM
1-866-427-6033**

KONNEN DWA W

**YON GID SOU DWA
ELÈV IMIGRAN
ANSANM AK PARAN YO
NAN LEKÒL PIBLIK
LETA NOUYÒK**



DEFANSÈ PWOJÈ DWA ELÈV IMIGRAN TIMOUN

**151 W. 30TH ST., 5TH FLOOR
NEW YORK, NY 10001
TELEFÒN: (212) 947-9779 FAKS: (212) 947-9790
WWW.ADVOCATESFORCHILDREN.ORG
SÈVIS ASISTANS TELEFONIK: LENDI A JEDI
10È:00 AM RIVE 4È:00 PM
1-866-427-6033**

		Brooklyn, NY 11201	32
Jose De La Cruz	718-420-5618	715 Ocean Terrace Staten Island, NY 10301	20,21, 22
Olga DeFilippis	718-391-6808	28-11 Queens Plaza North Long Island City, NY 11101	24,26
Gary Goldenback	718-281-3426	30-48 Linden Place Queens, NY 11354	25,28
Betty Ortiz	718-391-8036	28-11 Queens Plaza North Long Island City, NY 11101	27,30
Wladimir Pierre	718-281-7501	30-48 Linden Place Queens, NY 11354	29,30
Nilda Kraft	718-420-5721	715 Ocean Terrace Staten Island, NY 10301	31
Larisa Kabbaj	212-802-1624	400 First Avenue New York, NY 10011	75

Si w bezwen genyen yon lis konplè depatman ak pèsònèl DOE yo, ale sou sit entènèt www.schools.nyc.gov

I. ENSKRIPSYON NAN LEKÒL

A KI LAJ YON TIMOUN KAPAB ALE LEKÒL ?

Tout timoun ki genyen ant 5 ak 21 lane gen dwa pou yo ale nan lekòl piblik jouk lè yo diplome lekòl segondè. Nan Leta Nouyòk, timoun ki gen 4 lane genyen dwa pou ale lekòl matènèl epi menm timoun ki genyen 3 lane kapab benefisye sèvis edikasyon jeneral la si pwogram yo gen plas ki disponib.

Yon timoun k ap antre lekòl nan lekòl matènèl fèt pou genyen 5 lane nan dat 31 desanm lane sa a. Yo pa fèt pou refize yon timoun ki gen dwa pou l antre nan yon lekòl matènèl oswa pou yo enskri l sou yon lis datant pase manke plas. Anplis de sa, yo pa gen dwa chase yon jenn moun lekòl segondè oswa voye l nan yon pwogram GED senpleman poutèt laj li oswa, poutèt edikasyon ensifizan li te deja resevwa. Tout jenn moun ki genyen 5 rive 21 lane k ap enskri nan lekòl piblik fèt pou aksepte menm le a epi pou yo plase l nan yon pwogram ki apwopriye pou li nan yon tan ki pa depase 5 jou.

SITIYASYON IMIGRASYON PA KONTE

Etidyan imigran gen dwa pou patisipe nan lekòl kèlkeswa sityasyon imigrasyon l oswa sityasyon imigrasyon manm fanmi l. Pèsòn nan lekòl la gen dwa pou l mande sityasyon imigrasyon timoun la oswa fanmi. Gen kèk fòm eskolè ki mande nimewo sekirite sosyal, paran yo ak elèv yo pa oblije bay enfòmasyon sa yo. Elèv yo gen dwa pou resevwa tout sèvis lekòl yo, tankou manje lemidi ak manje lematen gratis, transpò gratis epi sèvis edikasyon, menmsi yo menm oswa fanmi yo pa gen papyè imigrasyon ni yo pa genyen nimewo sekirite sosyal.

KIJAN YO ENSKRI YON NOUVO ELÈV EPI KIJAN YO PLASE L?

Paran elèv k ap antre nan lekòl elemantè oswa kou mwayen yo fèt pou kontakte lekòl ki nan zòn yo. Paran elèv k ap antre lekòl segondè dwe kontakte biwo enskripsyon nan distri kote yo rezide a (borough of residence) pou jwenn plis enfòmasyon sou fason yo kapab benefisye ak yon plasman konvnan oswa fè yon demann enskripsyon pou lekòl segondè. Enfòmasyon sou kontak nan biwo enskripsyon an egziste nan sit entènèt Depatman Edikasyon a (DOE) epi nan do tiliv sa a nan paj 20.

Elèv la fèt pou rezide nan Vil Nouyòk (NYC) pou l gen dwa frekante yon lekòl piblik Vil Nouyòk. Pou enskri nan lekòl, paran an ansanm ak timoun la dwe prezante ansanm nan biwo enskripsyon an epi pou yo pote:

- 1) **Prèw sou adrès kay la:** lalwa egzije pou yo bay prèw timoun la rezide oswa viv nan Vil Nouyòk. Anjeneral yon bòdwo rezidansyèl sèvis piblik (gaz, elektrik, dlo), yon kontra lokasyon, yon lèt yon biwo gouvènman epi dokiman travay ki te sèvi pou yon faks akseptab, yon bòdwo telefòn, oswa televizyon, oswa kat kredi, yon kat asirans medikal oswa yon pòmi kondui pa akseptab. Si w vle konnen lis konplè dokiman ki aksepte yo kòm prèw rezidans tanpri vizite:
<http://schools.nyc.gov/choicesenrollment/newstudents/default.htm>
- 2) **Sètifika nesans oswa paspò timoun la pou montre laj li:** si timoun la te fèt andeyò Etazini, sètifika nesans oswa paspò peyi kote li te fèt la akseptab;
- 3) **Kanè vaksinasyon timoun la;**
- 4) **Dènye kanè lekòl timoun la oswa yon transkripsyon kanè a:** si li disponib refere w pi ba a pou enfòmasyon konsènan transkripsyon ki fèt andeyò Etazini epi nan paj 4 pou enfòmasyon osijè etidyan imigran pa te pase lekòl oswa ki pa gen fòmasyon eskolè konsekan; e
- 5) **Pwogram Edikasyon Pèsonalize pou Timoun (IEP) oswa Plan Akomodasyon 504:** si yo kapab aplike yo epi yo disponib, refere w nan paj 4 tiliv sa a osijè elèv oswa etidyan andikape kote w ap jwenn plis enfòmasyon.

Si w pa ta genyen kèk nan dokiman sa yo, lekòl la fèt pou enskri timoun ou a tanporèman pandan lekòl la ap pouswiv pou l jwenn enfòmasyon nesèsè yo. Yo plase yon timoun nan yon klas an fonksyon ak dosye ansyen lekòl timoun la. Si yon elèv pa gen okenn dosye yon ansyen lekòl, se pou yo aksepte timoun la imedyatman epi pou yo mete l nan yon klas ki anrapò ak laj li. Si timoun la pa posede dosye, lekòl la fèt pou evalye timoun la selon pwosede ki mansyone nan paj 3 anba tit: « Kijan pou yo aji ak yon timoun imigran ki genyen yon enstwiksyon eskolè trè fèb oswa ki pa genyen okenn enstwiksyon ditou ? »

CHWA LEKÒL

Paran yo kapab chwazi kilès lekòl timoun yo prale. Tou dabò yo plase timoun yo nan lekòl katye yo, oswa lekòl zòn la. Yon paran gen dwa mande pou yo transfere pitit li nan yon lòt lekòl si li pa satisfè ak lekòl zòn li a, men transfè sa yo pa fasil pou egzekite. Paran yo kapab ranpli

BIWO ENSKRIPSYON NAN AWONDISMAN: Se Biwo sa a w dwe kontakte pou enskri pitit ou lekòl.

Awondisman	District ki kouvri	Adrès	Nimewo telefòn
Bronx	7, 9, 10 8, 11, 12	1 Fordham Plaza 1230 Zerega Ave	718-741-8496 718-828-2923
Brooklyn	17, 18, 22 20, 21 13, 14, 15, 16	1780 Ocean Avenue 415 89th Street 131 Livingston Street	718-758-7687 718-759-4914 718-935-4197
Manhattan	1, 2, 4 3, 5, 6	333 Seventh Avenue 4360 Broadway	212-356-7500 212-342-8300
Queens	24, 30, 32 25, 26 19, 23, 27 28, 29	28-11 Queens Plaza North 30-48 Linden Place 82-01 Rockaway Blvd 90-27 Sutphin Blvd	718-391-8386 718-281-3791 718-348-2914 718-557-2774
Staten Island	31	715 Ocean Terrace, Building A	718-390-1443

ESPESYALIS KONFÒMITE AK PÈFÒMANS ELL:

Moun na yo travay pou garanti sipò pwogram jeneralize epi espesyalize ELL la pote bay lekòl yo rive nan bon moman, yo efikas ak efisyan. W kapab kontakte yo pou eksplike pwoblèm ou genyen ak sèvis ELL yo nan lekòl pitit ou.

Non	Nimewo telefòn	Adrès	Distri
Maria Broughton Evelyn Ilg	212-356-7522 212-356-3731	333 7th Avenue New York, NY 10011	1,4 2
Enid Serrano Martha Frans	212-356-7519 212-356-7522	333 7th Avenue New York, NY 10011	3 5,6
Rosita Costas Marie Rouseau	718-329-8137 718-329-8136	1 Fordham Plaza Bronx, NY 10468	7,8 9
Martha Beras Olga Mejia-Glenn	718-329-8111 718-741-7862	1 Fordham Plaza Bronx, NY 10468	10 11,12
Yvonne Morales	718-935-5963	131 Livingston Street Brooklyn, NY 11201	13,14, 15,16
Christine Etienne	718-420-1438 718-968-6145	715 Ocean Terrace Staten Island, NY 10301	17,18
Tatyana Ulubabova	718-935-5927	131 Livingston Street	19,23,

19	718-240-2795	557 Pennsylvania Ave., Brooklyn, NY 11207
20	718-759-3918	415 89th St., Brooklyn, NY 11209
21	718-714-2501	521 West Ave. Rm 351, Brooklyn, NY 11224
22	718-968-6262	5619 Flatlands Ave., Brooklyn, NY 11234
23	718-922-4794 est 240	1665 St. Marks Ave., Brooklyn, NY 11233
24	718-592-3364	98-50 50th Ave., Queens, NY 11368
25	718-281-7625	30-48 Linden Place 2nd Fl., Flushing, NY 11354
26	718-631-6841	61-15 Oceania St., Queens, NY 11364
27	718-642-5733	82-01 Rockaway Blvd., Ozone Park, NY 11416
28	718-557-2689	90-27 Sutphin Blvd., Jamaica, NY 11435
29	718-464-1433 est 2170	223-14 Jamaica Ave., Queens, NY 11413
30	718-391-8261	28-11 Queens Plaza N., Long Island City, NY 11101
31	718-420-5624	715 Ocean Terrace Bldg A, Staten Island, NY 10301
32	718-574-1100 est 366	797 Bushwick Ave., Brooklyn, NY 11221
75	212-802-1685	400 1st Ave., New York, NY 10010
79	917-521-3634	4360 Broadway, New York, NY 10033

aplikasyon pou lòt lekòl oswa lòt pwogram ki pa reglemante nan klasman zòn yo epi ki aksepte etidyan sot lòt katye. Pou w sa konnen ki chwa pou lekòl ki disponib epi pou w jwenn plis enfòmasyon sou chwa transfè ki disponib vizite: www.insideschools.org.

E SI YON ETIDYAN POSEDE YON DOSYE ESKOLÈ OSWA YON TRANSKRIPSYON DOSYE YON LEKÒL ANDEYÒ ETAZINI ?

Etidyan ki posede transkripsyon yon peyi etranje dwe fè tradui transkripsyon kanè eskolè a swa pa lekòl yo vle frekante a oswa pa Depatman Edikasyon a (DOE) oswa yon lòt sous andeyò. Depi transkripsyon a tradui, lekòl la kapab evalye l pou konnen nivo akademik elèv la oswa kantite kredi eskolè li genyen.

Lekòl yo gen de fason yo kapab itilize pou objektif sa a:

1. Biwo tradiksyon ak entèpretasyon transkripsyon Depatman (DOE) pou tradui tèks la e
2. Gid Evalyasyon Transkripsyon Etranje pou evalye tèks la.

Konsila paran yo kapab ede yo oswa yon òganizasyon kominotè, oswa yon sèvis prive kapab fè tradiksyon an. Tradiksyon ofisyèl transkripsyon yo dwe respekte direktiv sa yo:

1. Tradiksyon yo dwe respekte fòm orijinal la
2. Tout enfòmasyon yo fèt pou tradui.
3. Tradiksyon an dwe tekstyèl.
4. Tradiktè a pa dwe ajoute ni evalyasyon ni analiz.

Tradiksyon fèt pou daktilografye sou papyè ofisyèl ajans la epi tradiktè a fèt pou siyen l. Depi tèks la tradui, lekòl la fèt pou itilize Gid Evalyasyon Transkripsyon Etranje Depatman Edikasyon a (DOE) pou evalye kontni a. Pandan tan sa a, etidyan an kapab frekante lekòl la.

SA K PASE SI YON ETIDYAN GEN YON EKSPERYANS ESKOLÈ LIMITE OSWA LI PA GENYEN DITOU ?

Etidyan ak eksperyans limite oswa san okenn eksperyans gen dwa pou yo rantre nan yon lekòl piblik touswit. Yon fason pou admèt kalite etidyan sa yo ak etidyan ki pa genyen dosye eskolè aktif, lekòl yo dwe:

1. Etabli pwofil etidyan a
2. Fè l pase yon test dyagnostik nan lang matènèl li
3. Administre egzamen sou sijè plasman a
4. Chwazi plasman li nan yon klas an kolaborasyon ak pèsònèl eskolè apwopriye a

Se yon konseye pou admisyon ki pale lang matènèl etidyan a ki fèt pou dirije pwosedi sa yo, konseye a dwe konnen anbyans kiltirèl etidyan a. Si

nesesè, lekòl la fèt pou bay sèvis entèpretasyon oswa tradiksyon oswa lekòl la kapab mande Depatman Edikasyon a (DOE) asistans ak sèvis T & I li an (Tradiksyon ak Entèpretasyon). Si fonksyonè sa a kwè etidyan a bezwen sipò sèvis siplemantè, li kapab bay yon referans pou edikasyon espesyal, yon pwogram alfabetizasyon nan de (2) lang, oswa pou biwo admisyon lekòl segondè.

SA K PASE SI YON ETIDYAN KI FÈK IMIGRE SE YON ANDIKAPE?

Si gen dout kòmkiwa yon etidyan ki fèk imigre genyen yon andikap, lekòl la kapab refere etidyan a pou yon evalyasyon pou edikasyon espesyal. Sèvis edikasyon espesyal yo eksplike annapre nan tiliv sa a. Depatman Edikasyon rekòmande lekòl pou yo pa refere etidyan ki fèk imigre pou edikasyon espesyal pandan 2 premye lane yo nan Etazini pou anpeche plasman ki pa apwopriye. Men, paran yo gen dwa mande pou yon referans pou edikasyon espesyal pou pitit yo nenpòt kilè. Si yon etidyan genyen yon andikap admisib, li gen dwa resevwa sèvis edikasyon espesyal touswit, san yo pa konte kantite tan depi l ap viv Ozetazini.

ÈSKE NAN VIL NOUYÒK GENYEN LEKÒL KI FET ESPESYALMAN POU NOUVO ELÈV IMIGRAN ?

Wi. Ou kapab chèche www.insideschools.org oswa telefòn pou w jwenn enfòmasyon “Advocates for Children” (Defansè Timoun) osijè pwogram sa yo nan vil la.

I. SÈVIS POU ETIDYAN K AP APRANN ANGLE

Tout etidyan, san gade sou kapasite yo pou pale Angle, gen dwa resevwa yon edikasyon piblik. Etidyan k ap aprann Angle gen dwa ak yon enstwiksyon espesyal pou yo satisfè bezwen komunikasyon yo. Prensipal modèl enstwiksyon yo se edikasyon bileng oswa Angle Kòm Dezèm Lang (ESL: English as a Second Language).

KIMOUN KI ADMISIB POU EDIKASYON BILENG/ESL ?

Lè yon timoun antre nan lekòl Vil Nouyòk, paran l oswa pwofesè patikilye li dwe ranpli yon sondaj ki rele « **Sondaj Idantifikasyon Lang ki Itilize nan Kay la** » (HLIS: Home Language Identification Survey) ki mande ki lang yo pale nan kay la ak lang timoun la itilize. Si repons nan kesyonè HLIS la endike se yon lang diferan angle ki pale nan kay la, timoun la dwe pase egzamen « **Estimasyon Batri Lang la-Korije (LAB-R)** » ann Angle pou konnen nivo kapasite timoun la ann Angle. Tout etidyan ki jwenn yon rezilta pi ba pase nivo yo fikse a nan egzamen LAB-R la dwe resevwa yon edikasyon bileng oswa ESL. Si nòt etidyan an pi ba pase nivo yo fikse pou egzamen LAB-R la, etidyan dwe pran

IX. ENFÒMASYON POU KONTAK

BIWO SOUTYEN AK ANGAJMAN ANFAVÈ LAFANMI (OFEA):

Men adrès kote w ap kontre ak Superintendent Distri a epi Defansè Lafanmi pou Distri a. Wòl manm ekip OFEA a dwe ede paran yo ak tout kesyon ki gen pou wè ak lekòl, avèk tou sa ki konsène ELL yo. Pou w kapab jwenn distri w a, ale sou sit entènèt DOE a, nan ribrik « Jwenn yon lekòl » (*Find a school*) epi ekri adrès ou oswa rele nan nimewo 311. Si w vle jwenn yon lis ki gen plis detay konsènan OFEA, ale nan ribrik ki rele « Ki kote pou jwenn asistans » (*Where to Get Help*) ki anba tit « Resous pou Paran yo » (*Parent Resources*) nan sit entènèt Insideschools.org.

Distri	Nimewo telefòn: Defansè Lafanmi pou Distri a	Adrès: Defansè Lafanmi pou Distri a
1	212-587-4046	220 Henry St. Rm 134 A, New York, NY 10002
2	212-356-3789	333 7th Ave. Rm 713, New York, NY 10001
3	212-678-5857	154 W 93rd St. Rms 122, 204, New York, NY 10025
4	212-828-3512	319 E. 117th St., New York, NY 10035
5	212-769-7500	425 W. 123rd St. Rm 205, New York, NY 10027
6	917-521-3783	4360 Broadway, New York, NY 10033
7	718-742-6500	501 Courtland Ave. Rm 102, Bronx, NY 10451
8	718-828-4555	1230 Zerega Ave., Bronx, NY 10462
9	718-842-7853	250 E. 164th St., Bronx, NY 10456
10	718-741-5835	1 Fordham Plaza, Bronx, NY 10458
11	718-519-2668	1250 Arnov Ave., Bronx, NY 10469
12	718-328-2310 est. 4092	1434 Longfellow Ave, Bronx, NY 10459
13	718-857-4198	355 Park Ave, Brooklyn, NY 11238
14	718-302-7689	215 Heyward St., Brooklyn, NY 11206
15	718-935-4263	131 Livingston Ave., Brooklyn, NY 11201
16	718-574-2824	1010 Lafayette Ave., Brooklyn, NY 11221
17	718-221-4372	1224 Park Place, Brooklyn, NY 11213
18	718-566-6005	1106 E. 95th St., Brooklyn, NY 11236

Impartial Hearing Office
 Department of Education
 131 Livingston St., Room 201
 Brooklyn, NY 11201
 Tel. 718-935-3280
 Fax. 718-935-2528

Paran yo gen dwa gen yon entèprèt pandan odyans san pati pri a yo tad we reklame youn anvan odyans la kòmanse.

Pou pote plent kont leta, voye yon espikasyon sou fè y oak vyolasyon lalwa nan:

Office of Vocational Educational Services for
 Individuals with Disabilities
 New York State Education Department
 One Commerce Plaza, Room 1619
 Albany, NY 12234

Si w bezwen èd nan moman w ap depoze yon demann pou yon odyans espesyal oswa yon plent, tanpri konsilte gid AFC a konsènan Odyans san pati pri yo ki disponib sou entènèt nan <http://advocatesforchildren.org/guides.php> oswa rele Nimewo asistans telefonik AFC a.

VIII. PLENT POU DISKRIMINASYON

Lalwa entèdi diskriminasyon oswa pèsèkasyon poutèt ras, koulè, relijyon, laj, eta sivil, orijin nasyonal, sitiyasyon etranje, sitwayènte, andikap, oryantasyon seksyèl, sèks, sitiyasyon militè, kazye jidisyè ansyen prizonye oswa kondane, predispozisyon, andikap, preferans seksyèl, sèks, sitiyasyon militè, dosye anvan nan pou karakteristik jenetik oswa sitiyasyon kòm viktim vyolans nan kay, agresyon seksyèl oswa asèlman. Si w santi w te viktim diskriminasyon oswa pèsèkasyon, ou gen dwa pote plent nan ajans ki annapre yo:

NYC DOE Office of Equal Opportunity (OEO)	(718) 935-3320
U.S. Department of Education, Office for Civil Rights	(646) 428-3900
New York City Commission on Human Rights	(212) 306-7050

Plent yo depoze nan OEO fèt pou anrejistre nan yon delè ki pa depase yon lane apre diskriminasyon an te fèt.

«Egzamen Angle Kòm Dezyèm Lang Leta Nouyòk

(NYSESLAT)» yon fwa chak ane nan mwa me. Lè etidyan pran yon nòt ki pi wo nivo yo fikse a nan NYSESLAT la, yo p ap konsidere l ankò tankou yon ELL epi li p ap admisib pou yon edikasyon bileng ESL, oswa de (2) lang.

Etidyan nan Vil Nouyòk ki admisib pou edikasyon bileng ak ESL yo kalifye yo tankou de « Moun k ap Aprann Lang Angle » (ELL) oswa « Konpetan Limite nan Lang Angle » (LEP). Yo sèvi pi souvan ak deziyasyon ELL la nan Vil Nouyòk.

SA KI PASE SI YON PARAN PA DAKÒ AK REZILTA EGZAMEN LAB-R PITIT LI A ?

Si yon paran pa kwè nòt egzamen LAB-R pitit li a reflekte kapasite timoun la nan lang Angle, li gen dwa mande Depatman Edikasyon, Biwo Etidyan Lang Angle nan nimewo (212) 374-6072 pou timoun lan pase yon lòt egzamen. Paran a dwe kapab eksplike pou kisa nòt la pa kòrèk epi kilès kondisyon nan moman premye egzamen la pa t konvnan. Yo pa pèmèt souvan pou etidyan yo repase egzamen LAB-R la.

KALITE PWOGRAM ENSTWIKSYON POU ELÈV ELL YO

Prensipal modèl enstwiksyon pou Moun k ap aprann Angle nan vil Nouyòk se:

- (1) **Pwogram edikasyon bileng tranzitwa.** Yo kapab bay edikasyon an nan lang Angle oswa nan lang natifnatal etidyan an. Toudabò enstwiksyon an ap fèt nan lang natifnatal etidyan an, epi piti piti y ap dispanse enstwiksyon an nan lang Angle kòm etidyan an ap pwogrese ann Angle.
- (2) **Pwogram bileng.** Modèl sa a pèmèt yo mete ansanm elèv ki pa pale Angle byen ak yon lòt gwoup elèv kote Angle se lang natifnatal yo nan menm sal klas la. Pwogram sa a gen pou objektif pèmèt de (2) gwoup elèv yo vin pale de lang yo kòrèkteman. Pwogram de (2) lang nan Vil Nouyòk okòmansman se te de (2) nan lang Angle ak Panyòl, men li egziste kounye a pou tout lòt lang tou, tankou chinwa, kreyòl ayisyen, ris, koreyen, franse ak arab.
- (3) **Angle Kòm Dezyèm Lang (ESL)** se yon pwogram kote etidyan yo aprann pale, li, ak ekri Angle ak yon pwofesè kalifye pou anseye Angle. Etidyan yo resevwa enstwiksyon ann Angle sèlman. Pifò etidyan ki fèk imigre yo nan ESL.

W ap kapab jwenn plis enfòmasyon sou sijè sa a nan:
<http://schools.nyc.gov/Offices/ELL>

ÈSKE YON PARAN KAPAB CHWAZI YON EDIKASYON BILENG OSWA ESL ?

WI. Paran gen dwa deside si yo pito pitit yo resevwa yon enstwiksyon bileng oswa ESL. Elèv ki ELL yo gen dwa resevwa yon enstwiksyon bileng men yo fè yo egzijans pou omwen yo pran ESL. Se pa tout lekòl ki posede yon bon kalite klas edikasyon bileng pou chak timoun. Pa egzanp, yon timoun kapab bezwen yon klas bileng koreyen men lekòl la pa genyen youn. Si yon lòt lekòl nan distri timoun la abite ofri yon pwogram bileng ki konvni ak timoun la, paran yo gen dwa transfere timoun yo a nan lekòl sa a, se pou yo bay timoun la transpò gratis pou l ale nan lekòl la.

Si pa genyen okenn pwogram bileng nan lang timoun la nan okenn lekòl nan distri la, se pou timoun la pran egzamen ESL la. Si yon paran pa vle pitit li resevwa yon edikasyon bileng, li kapab plase l nan yon ESL. Tout lekòl fèt pou genyen yon klas ESL.

Si w bezwen ransèyman osijè disponibilite ak adrès pwogram bileng ou mèt rele Defansè Fanmi nan distri ou a. W ap jwenn enfòmasyon osijè moun pou w kontakte nan fen tiliv la.

ÈSKE ETIDYAN YO GEN DWA RESEVWA DE PWOGAM ESL KI BATI SELON BEZWEN ENDIVIDYÈL YO ?

WI. Lalwa Leta egzije pou pwogram ESL yo adapte ak kapasite etidyan an nan lang Angle. Tout etidyan ki nan menm klas ESL pa dwe resevwa menm pwogram ESL. Pa egzanp yon etidyan ki gen kapasite pi avanse nan lang Angle pase kamarad klas li yo fèt pou resevwa yon pwogram pi avanse.

KILÈ YO MANDE POU LEKÒL YO OFRI PWOGAM EDIKASYON BILENG ?

Lekòl elemantè ak lise ki genyen 15 oswa plis elèv ELL ki pale menm lang natifnatal la, nan menm klas la, oswa 2 klas vwazen, oblije bati yon pwogram bileng nan lang sa a. Lekòl segondè ki genyen 20 oswa plis etidyan ELL ki pale menm lang natifnatal la nan menm klas oblije bati yon pwogram bileng nan lang sa a.

ÈSKE PARAN YO GEN DWA AK AVI AK ENFÒMASYON OSIJÈ EDIKASYON BILENG AK ESL ?

WI. Dapre lalwa leta, se pou paran yo enfòme lè timoun yo oblije resevwa yon edikasyon bileng oswa ESL. Yo gen dwa tou (1) ak yon esplikasyon sou chwa divès pwogram yo epi (2) ak yon sesyon

pwofesyonèl la se pou tradui pou elèv la pandan li nan klas la. Si DOE pa kapab founi yon klas bileng konvab apre yon sèten kantite tan, paran an gen dwa enskri timoun lan nan yon lekòl prive sou kont leta. Yon timoun gen dwa ale nan yon lekòl prive si 60 jou klas apre (1) yo te dakò pou evalyasyon l (si timoun la ap kòmanse ak edikasyon espesyal) oswa (2) 60 jou apre dat yo te refere l pou yon revizyon IEP (si timoun la t ap patisipe deja nan pwogram edikasyon espesyal). Apre delè sa a, paran timoun la gen dwa resevwa yon lèt P-I oswa yon lèt «Nickerson» ki otorize paran an plase timoun la nan yon lekòl prive Leta Nouyòk apwouve. Par an gen dwa mande lèt sa a nan Komite pou Edikasyon Espesyal (CSE) oswa Sant Sèvis Entegre (ISC). Si CSE oswa ISC pa remèt paran an lèt sa a, paran an kapab mande pou yon odyans san pati pri pou kapab jwenn lèt la. DOE oblije kontinye chèche yon plasman nan lekòl piblik ki konvab jistan paran an jwenn yon lekòl prive.

Jwenn yon plasman nan yon lekòl ki pa piblik pa fasil; poutèt pa gen anpil lekòl prive ki ofri edikasyon espesyal bileng. Anvan pou l mande pou yon lèt Nickerson, paran an ta gen enterè idantifye yon lekòl prive k ap admèt pitit li a. Si w bezwen asistans, tanpri rele AFC.

KISA POU YO FÈ SI YON PARA-PWOFESYONÈL BILENG OSWA YON SÈVIS ASOSYE PA DISPONIB ?

Pafwa, DOE pa founi para-pwofesyonèl bileng pou yon timoun ELL pandan yon plasman pwovizwa kote yo pale Angle. Nan sitiyasyon sa a, timoun la pa genyen okenn èd pou tradui epi se posib li pa konprann anyen nan klas la. Si sa rive, paran an gen dwa mande pou yon odyans espesyal oswa emèt yon plent administratif pou oblije yo founi para-pwofesyonèl bileng la, oswa plase timoun la nan yon klas edikasyon espesyal bileng depi sa posib. Par an gen dwa reklame yon lèt Nickerson si 60 jou lekòl la déjà pase.

Si yon timoun bezwen yon sèvis bileng asosye tankou òtofonni oswa revedikasyon langaj, epi pa gen sèvis bileng ki disponib, paran an gen dwa resevwa yon lèt otorizasyon pou sèvis asosye (RSA) ki pèmèt paran an jwenn sèvis bileng apwopriye a andeyò DOE a. Para an gen dwa mande lèt RSA a ki sòti nan men CSE oswa ISC. Par an yo kapab reklame tou yon odyans ki san pati pri pou chèche yon òdonans pou fòse DOE a founi sèvi ki apwopriye a. Pou mande yon odyans san pati pri, voye demann ou nan adrès sa a:

KISA POUF È SI YON TIMOUN BEZWEN EDIKASYON ESPESYAL PANDAN L AP APRANN PALE ANGLE (ENGLISH LANGUAGE LEARNER – ELL) ?

Yon elèv k ap swiv yon pwogram edikasyon espesyal epi ki resevwa yon nòt ki pi ba pase nivo yo fikse pou test LAB-R, gen dwa resevwa sèvis edikasyon espesyal bileng oswa ESL nan kad edikasyon espesyal. Sèten elèv ki andikape grav (pa egzansp, reta mantal grav oswa otism) jwenn egzanspsyon epi yo pa bezwen pran egzamen LAB-R. Elèv say o gen dwa resevwa sèvis bileng ESL nan lang natifnatal yo, si Sondaj Idantifikasyon Lang NatifNatal montre se pa Angle ki lang natifnatal yo epi si evalyasyon bileng yo a rekòmande sèvis bileng oswa ESL.

ÈSKE YON ELÈV KIN AN YON PWOGAM EDIKASYON ESPESYAL EPI KI RESEVWA NÒT KI PI BA PASE NIVO YO FIKSE POU TÈS LAB-R, AP EGZANTE POU SÈVIS BILENG OSWA POU ESL ?

WI, men sèlman si ekip IEP a, ansanm ak paran an dakò pou egzante elèv la. Sa pa rive souvan. Nòt test LAB-R yon elèv yon elèv edikasyon espesyal resevwa a kapab plis rezilta yon andikap pase yon kapasite limite nan langaj li. Poutèt rezon sa a, ekip IEP a kapab deside elèv la pa bezwen sèvis bileng. Ekip IEP a ak paran an ta dwe konsidere anpil aktè epi pa sèlman nòt test LAB-R la, lè y app ran desizyon sa a. Men, sa rive kèk fwa ekip IEP a ankouraje paran an dakò pou yon egzansyon poutèt sèvis bileng pa fasil pou jwenn. Si yon paran pa vle pitit li egzante, li gen dwa refize egzansyon an.

Ekip IEP a kapab kwè yon timoun bezwen sèvis bileng ESL nan kèk domèn men pa nan lòt. Pa egzansp, yon elèv ki enskri nan edikasyon espesyal epi ki pale panyòl kapab genyen yon pwofesè bileng panyòl ak Angle pou matyè jeneral yo men ki pale Angle sèlman pou òtòfoni oswa reyedikasyon langaj. Yon ekip IEP dwe deside ki lang y ap itilize nan yon domèn espesyal baze sou konsiderasyon espesifik ki gen pou wè ak bezwen timoun lan nan domèn sa yo. Men, okenn desizyon osijè sèvis yo oswa langaj yo itilize pou yon sèvis pa definitive toutotan paran an pa bay akò li.

KISA POU YO FÈ SI YON KLAS BILENG EDIKASYON ESPESYAL PA DISPONIB ?

Si yon elèv bezwen sèvis edikasyon espesyal bileng, men Depatman Edikasyon (DOE) pa kapab founi klas edikasyon espesyal ki konvnan la, yo kapab plase elèv la pou yon ti tan nan yon klas yon sèl lang Angle edikasyon espesyal kote yon para-pwofesyonèl bileng prezan. Wòl para-

oryantasyon sou estanda leta yo, evalyasyon yo, previzyon rezilta eskolè yo, epi ak pwogram matyè obligatwa yo pou yon edikasyon bileng epi ESL. Se pou yo bay ransèyman oryantasyon sa yo nan premye semès enstwiksyon timoun la nan lekòl la. Direksyon lekòl yo dwe fè efò pou rankontre paran yo omwen 2 fwa nan lane pou ede yo konprann objektif pwogram yo epi fason yo kapab ede timoun yo. **Tout enfòmasyon sa yo fèt pou bay nan lang natifnatal paran yo oswa pwofesè patikilye timoun la. Si w ta gen yon pwoblèm, pa ezite rele nou.**

II. PWOGAM POU TIMOUN KI GEN DON AK TALAN

Tout etidyan san yo pa gade si li maton nan Angle, kapab fè aplikasyon pou pwogram pou moun ki gen don ak talan. Pwogram sa yo anrichi epi agrandi pou etidyan ki gen konpetans ak talan avanse. Paran gen dwa resevwa enfòmasyon osijè pwogram anrichi epi avanse nan lang natifnatal yo si nesesè. Paran yo dwe chèche enfòmasyon sa yo opre lekòl la oswa distri eskolè a. Pwogram anrichi epi avanse diferan ak pwogram edikasyon espesyal.

III. DWA PARAN

ÈSKE PARAN YO GEN DWA POU YO RESEVWA ENFÒMASYON KONSÈNAN LEKÒL NAN LANG NATIFNATAL YO ?

WI. Paran ak pwofesè patikilye gen dwa pou resevwa enfòmasyon osijè lekòl nan lang natifnatal yo. Nan lekòl Vil Nouyòk, sèvis tradiksyon ak entèpretasyon fèt pou disponib nan lang sa yo: arab, bengali, chinwa, kreyòl ayisyen, koreyen, ris, panyòl, ak endou. Paran yo gen dwa ak yon entèprèt nan moman reyinyon oral la epi ak yon tradiksyon ekri lèt ak avi yo resevwa. Entèpretasyon ak tradiksyon fèt pou egzant epi konvnan. Pa egzansp, yon entèprèt ki pale kantonè pètèt p ap apwopriye kòm entèprèt pou yon paran ki pale Mandaren kòm lang natifnatal. Tout lekòl fèt pou afich alantre oswa toupre antre lekòl la pou montre paran yo ki kote y ap kapab jwenn sèvis sa yo, epi yo fèt pou remèt yon lèt ki vini ak tout dokiman ki pa tradui, kote yo di paran yo kouman pou yo fè tradui dokiman oswa korespondans yo resevwa a.

Yon paran ki bezwen yon enfòmasyon entèprete oswa tradui fèt pou mande kouwòdonatè paran yo nan lekòl la, oswa Direktè a pou ba li sèvis sa a. Souvan sa rive paran yo pa resevwa entèpretasyon oswa tradiksyon yo bezwen a. Si w rankontre pwoblèm sa a, pa ezite rele liy sèvis asistans la nan nimewo: 1-866-427-6033.

KIJAN PARAN YO KAPAB PATISIPE NAN LEKÒL AK NAN ADMINISTRASYON LEKÒL YO ?

Paran gen plizyè fason pou patisipe nan desizyon sou fason lekòl yo dirije epi sou kalite edikasyon timoun yo ap resevwa.

- (1) **Kouwòdonatè Paran.** Kouwòdonatè paran yo gen pou responsablite pou li reponn enkyetid paran yo epi ankouraje patisipasyon paran yo nan lekòl yo. Kontakte kouwòdonatè paran yo nan lekòl ou a si w bezwen plis enfòmasyon oswa si w gen enkyetid espesifik.
- (2) **Ekip dirijan lekòl yo.** Chak lekòl piblik Vil Nouyòk dwe gen yon ekip dirijan. Mwatye manm ekip sa a konpoze ak paran, lòt paran te vote pou lonmen yo. Ekip dirijan an gen pou responsablite pou chwazi Plan Total Edikasyon lekòl la ki dirije politik bidjetè a, pwogram ansèyman, patisipasyon paran, ogmantasyon pèsònèl la, sèvis pou etidyan ELL yo epi sèvis tradiksyon ak entèpretasyon.
- (3) **Asosyasyon Paran ak Asosyasyon Paran-Pwofesè (PA/PTA).** Chak lekòl fèt pou gen yon PA oswa yon PTA ki kontwole pa paran yo oswa pa paran ak pwofesè. PA ak PTA yo gen dwa resevwa enfòmasyon total osijè aktivite lekòl la epi nivo travay elèv yo. PA/PTA gen dwa pou lekòl la konsilte yo konsènan tout desizyon osijè aktivite lekòl la tankou bidjè a, anplwaye moun, epi pwogram edikasyon. Men, PA ak PTA pa gen dwa pran desizyon final osijè aktivite lekòl la.
- (4) **Tit I.** Paran yo gen dwa pou patisipe gras ak pwogram Tit I yo; se yon pwogram federal ki fèt pou ogmante nivo reyisit timoun ak paran ki gen revni modès epi timoun ki fè pati minorite yo, avèk tou Elèv k ap aprann lang Angle (ELL).
Tit I akòde lekòl ki genyen gwo pousantaj timoun ki sot nan fanmi modès, oswa timoun minorite yo, yon sibvansyon lajan anplis, Tit I egzije pou paran yo patisipe dirèkteman nan fason lajan sa a itilize pou lekòl la. Yo kapab sèvi ak lajan sa a pou anpil aktivite tankou pwogram apre lekòl, leson prive epi fòmasyon paran yo. Tout lekòl Tit I fèt pou gen yon politik ki eksplike kijan paran kapab patisipe nan planifikasyon Tit I. Si w vle gen plis enfòmasyon sou fason pou w patisipe nan chwa ak finansman pwogram Tit I, kontakte kouwòdonatè paran yo nan lekòl ou a.
- (5) **Konsèy Edikasyon Kominotè (CEC).** Manm CEC yo se reprezantan paran yo ak tout kominote a. Wòl yo se pou di bezwen ak anvi kominote a osijè edikasyon pitit yo. Reyinyon CEC yo lib pou piblik la patisipe epi bay kominote a yon opòtinite pou yo tande l osijè pwoblèm edikasyon.

konpòtman epi menm andikap trè grav. Pwogram edikasyon espesyal la kapab genyen ladan anpil varyete sèvis tankou èd sikolojik, sal resous, sèvis para-pwofesyonèl, terapi fizik, òtofoni oswa reyedikasyon langaj, teknoloji asistans, pwogram etid espesyal ak lòt sèvis ankò. Kalite sèvis sa yo rele « sèvis asosye ». Elèv ki ap swiv yon edikasyon espesyal nan yon klas edikasyon jeneral kote yo kapab founi sèvis asosye yo oswa nan yon klas separe pou elèv ki andikape. Si w vle genyen yon esplikasyon ki detaye osijè system edikasyon espesyal la, konsilte Direktiv AFC sou Edikasyon espesyal nan sit entènèt sa a: <http://advocatesforchildren.org/guides.php>.

KISA YO FÈ POU ELÈV YO RESEVWA SÈVIS EDIKASYON ESPESYAL ?

Yon paran kapab mande alekri pou yo rekòmande pitit li pou yon evalyasyon pou edikasyon espesyal. Yon lekòl kapab rekòmande tou yon timoun pou edikasyon espesyal. Men, rekòmandasyon lekòl la dwe fèt alekri epi se pou li dokimante fason lekòl la te eseye ede elèv la grasa sèvis edikasyon jeneral (pa egzanp, ESL, leson patikilye, pwogram apre-lekòl, estrateji konpòtman) anvan li te chwazi edikasyon espesyal. Yo pa gen dwa rekòmande yon elèv pou edikasyon espesyal sèlman poutèt li pa pale Angle byen. Apre yo fin refere yon timoun, yo pral evalye timoun la. Men, yo pa kapab evalye yon timoun pou edikasyon espesyal toutotan yo poko eksplike paran yo dwa yo genyen. epi pou paran yo bay konsantman yo alekri. Yon timoun ELL fèt pou resevwa yon evalyasyon bileng ki konvnan.

Apre evalyasyon yon timoun, paran yo kontre nan lekòl avèk yon ekip pwofesyonèl pou deside si timoun la bezwen edikasyon espesyal. Si elèv la kalifye pou sèvis edikasyon espesyal, ekip la ap bati yon Pwogram edikasyon endividyèl (IEP) k ap endike pwogram elèv la, sèvis yo epi objektif edikasyon an. Si yon paran pa dakò avèk Sèvis edikasyon pitit li a, li gen dwa mande pou yon odyans san pati pri. Pou kapab jwenn plis enfòmasyon konsènan evalyasyon, reyinyon IEP ak odyans san pati pri, tanpri konsilte direktiv AFC a pou edikasyon espesyal.

TRADIKSYON AK ENTÈPRETASYON POU PARAN TIMOUN KI GEN BEZWEN ESPESYAL

Paran yo gen dwa pou tout IEP yo, tout rezilta evalyasyon yo epi tout avi osijè edikasyon espesyal yo tradui nan lang natifnatal yo. Paran gen dwa mande tou pou entèprèt prezan nan reyinyon yo. Paran gen dwa mande lekòl la founi sèvis tradiksyon ak entèpretasyon yo. Si yo pa founi sèvis sa yo, kontakte Sèvis asistans telefonik AFC a.

devwa pou fè nan klas epi enstwiksyon altènatif pandan sispansyon an. Pou mande asistans pou reprezantasyon, rele sèvis asistans AFC oswa Sèvis jiridik Vil Nouyòk nan (212) 431-7200.

Si w bezwen plis enfòmasyon, ale nan sit entènèt Insideschools.org nan ribrik « Enfòmasyon debaz » (*Basic Information*), klike sou « Resous pou Pran yo » (*Parent resources*).

VI. DOSYE LEKÒL

Paran yo gen dwa konsilte dosye lekòl konplè pitit yo. Elèv lekòl segondè ki gen 18 lane gen dwa konsilte tout dosye lekòl yo. Lekòl yo fèt pou kominike dosye say o depi paran oswa elèv lekòl segondè yo reklame yo, men pa pita pase 45 jou sivil apre demann la te prezante. Paran yo gen dwa konteste oswa modifiye nenpòt enfòmasyon ki ekri nan dosye pitit yo a.

VII. DWA ELÈV ANDIKAPE

SA KI PASE SI YON ELÈV ANDIKAPE ?

Lekòl yo fèt pou ofri sèvis edikasyon espesyal oswa sèvis annakò ak paragrap 504 pou timoun ki andikape. Selon paragrap 504, lekòl yo souvan ofri akomodasyon ki pèmèt timoun patisipe totalman nan tout aktivite lekòl la òganize (pa egzanp, pasrèl pou chèz woulant, ekipman espesyal pou ekri, medikaman). Dapre lwa konsènan edikasyon espesyal, lekòl yo ofri sèvis enfraksyon espesyalize, asistans akademik ak lòt sèvis enstwiksyon toujou tankou ègoterapi (reyedikasyon grasa travay) epi èd sikososal. Kèk elèv kapab kalifye alafwa ni pou edikasyon espesyal ni pou paragraph 504. Konsilte Direktiv Defansè Timoun (*Advocate for Children*) si w bezwen plis enfòmasyon sou paragraph 504. Li disponib sou sit entènèt: <http://advocatesforchildren.org/guides.php>. Epitou, jenn timoun ak tibebe, 0 lane rive 3 lane, ki gen reta nan devlopman yo gen dwa pou jwenn evalyasyon sèvis pwogram Entèkansyon Bonè (EI) yo. Si w bezwen plis enfòmasyon, konsilte Direktiv Defansè timoun (*Advocates for Children*) pou Entèkansyon Bonè ki disponib sou sit entènèt <http://advocatesforchildren.org/guides.php>. Rele nan (800) 577-2229 pou fè yon demann oryantasyon pou EI.

KISA YO RELE EDIKASYON ESPESYAL ?

Edikasyon espesyal se yon enstwiksyon espesyalize, sipò ak sèvis pou elèv 3 zan rive 21 lane ki gen andikap ki antrave kapasite yo pou aprann. Andikap sa yo kapab genyen ladan difikilte pou etidye, difikilte nan

Paran ki ta renmen bay èd yo nan yon CEC kapab ranpli yon aplikasyon sou yon fòm nominasyon ki disponib sou sit entènèt DOE a: www.schools.nyc.gov anba ribrik « Biwo epi Pwogram » (*Offices and Programs*).

IV. RÈGLEMAN PWOMOSYON AK REMIZ DIPLÒM

KONDISYON POU PWOMOSYON

Nan lekòl piblik Vil Nouyòk, depi elèv yo nan twazyèm lane lekòl rive nan douzyèm klas, yo jwenn pwomosyon soti nan yon klas pase nan klas siperyè a si yo reponn ak kritè pwomosyon pou klas yo a.

- Pou soti nan **lekòl matènèl pou pase nan dezyèm klas**, lekòl yo epi pèsone anseyan lekòl yo anjeneral deside si elèv la kapab pase nan lòt klas la.
- Nan **twazyèm, senkyèm ak setyèm klas**, elèv yo nan tout peyi a dwe pase egzamen estanda an lekti epi matematik. Nòt yo kapab genyen yo se: 1, 2, 3 oswa 4. Yon nòt 2 oswa plis pèmèt elèv la pase nan klas siperyè a.
- Nan **katriyèm, sizyèm ak uityèm klas** gen anpil kritè. Elèv yo pa kapab double poutèt yo pa reyisi yon sèl kritè sèlman. Pasaj nan yon klas siperyè baze sou egzamen:
 - **Egzamen Estanda-** Elèv yo dwe reyisi egzamen nasyonal la ak egzamen leta a.
 - **Travay elèv yo-** Se pou elèv yo tipikman rive nan nivo pèfòmans estanda klas yo a nan travay, selon konstataasyon pwofesè yo epi selon nòt yo.
 - **Prezans-** Elèv yo anjeneral dwe prezan lekòl pandan 90% lane eskolè a.
*Elèv uityèm klas yo anplis fèt pou reyisi matyè akademik yo.
- Apati **nevyèm rive nan douzyèm klas**, elèv yo jwenn pwomosyon baze sou kantite kredi yo genyen. Elèv yo dwe genyen: 8 kredi pou yo jwenn pwomosyon nan klas 9yèm ane, 20 kredi pou yo jwenn pwomosyon nan klas 10yèm ane ak 28 kredi pou yo jwenn pwomosyon nan klas 11yèm ane.

W ap kapab jwenn direktiv pou pwomosyon elèv nan nivo chak klas nan Règleman Chanselye Kolèj A-501 (*Chancellor's regulations*) nan sit entènèt: <http://schools.nyc.gov/Administration/ChancellorsRegulations> oswa rele sèvis asistans telefonik AFC si w bezwen konnen kritè espesifik pou pasaj piti ou nan yon klas.

KRITÈ POU EGZAMPSYON AK MODIFIKASYON

2 gwoup etidyan n ap prezante a egzante ak kritè pwomosyon:

1. Elèv ELL yo ki nan lekòl piblik ameriken yo pou mwens pase 2 lane
2. Elèv edikasyon espesyal yo lè plan edikasyon pèsonalize yo a (IEP) etabli yo egzante ak politik pwomosyon an. IEP kapab modifiye estanda pwomosyon pou elèv la.

Elèv ELL yo gen dwa genyen yon modifikasyon nan kritè pwomosyon yo nan domèn egzamen estanda si yo enskri nan pwogram bileng (oswa ESL) pandan 2 lane oswa mwens. Kritè k ap modifiye a varye selon klas elèv yo epi selon si yo nan yon pwogram edikasyon bileng oswa ESL. Si w ta vle genyen plis enfòmasyon osijè kritè ki modifiye a, tanpri konsilte Règleman Chanselye Kolèj A-501; ou kapab jwenn règleman sa a lè w li paj 9 liv DOE Chancelor's Regulation oswa rele Defansè Timoun (*Advocates for Children*) la.

NOTIFYE PARAN YO

Se pou yo avèti paran yo an twa fwa si pitit yo riske pou li double:

1. nan konferans paran-elèv otòn la
 2. alekri anvan 31 janvyè, epi
 3. alekri nan lapòs pa mwens pase 10 jou lekòl anvan lafen lane eskolè a.
- Si lekòl la neglije enfòmasyon paran yo, pa reprezante yon rezon pou yo ta fè timoun la reyisi.

KONTESTASYON

Paran timoun ki nan katrityèm, sizyèm, oswa uityèm klas yo kapab konteste desizyon pou fè timoun yo double lè yo ekri direktè lekòl la anvan twa jou pase depi yo te resevwa enfòmasyon an alafen lane eskolè a. Direktè a dwe reponn nan yon delè ki pa depase twa jou lekòl. Nan moman sa a paran a gen dwa pote kontestasyon li a devan rektè a (Superintendent) nan yon delè ki pa depase 5 jou. Superintendent la gen senk jou pou li reponn.

KRITÈ POU PWOMOSYON DIPLÒM

Pou yon elèv diplome lekòl segondè, li dwe:

1. konplete 44 kredi,
2. prezan pandan 90% ane eskolè a, e
3. reyisi senk egzamen detèminan (Angle, matematik, istwa lemonn, jeyografi, istwa Etazini epi gouvènman ameriken, ak syans). Nòt ki nesèsè pou reyisi egzamen desizif sa yo depann sou lè elèv yo antre nan nevyèm klas. Kritè egzamen desizif yo pou resevwa yon diplòm lokal liste annapre:

Ane kòmansman 9yèm ane lekòl Nòt egzamen desizif yo

2001-2004 2005	55 oswa plis pou tout 5 egzamen Regents yo 65 oswa plis pou 2 egzamen Regents, 55 ou plis pou rès egzamen Regtents yo
2006	65 oswa plis pou 3 egzamen Regents, 55 ou plis pou rès 2 egzamen Regents yo
2007	65 oswa plis pou 4 egzamen Regents, 55 ou plis pou 1 egzamen
2008	65 oswa plis pou tout 5 egzamen Regents

Elèv ELL yo ki Ozetazini depi mwens pase 3 lane kapab pase egzamen Regents yo nan lang natifnatal yo si disponib, men tout elèv ELL yo dwe pase egzamen desizif angle a. Lòt egzamen desizif yo disponib an panyòl, chinwa, ris, kreyòl ayisyen epi koreyen.

V. EKSPILSYON TANPORÈ ELÈV

Yo kapab espilse elèv sòt lekòl la si yo sanble yo kapab reprezante yon danje pou tèt yo oswa pou lòt moun. Ekspilasyon pa janm fèt pou sèvi kòm pinisyon. Règleman Pou Konpòtman elèv ekspilse nan tiliv Depatman Edikasyon (DOE) ki rele « **Estanda Disiplin ak Mezi Entèvansyon aplikab nan tout vil la** » (Kòd disiplin). Yo pa kapab espilse yon elèv nan lekòl sof si lekòl la swiv pwosedi ki egzije pou yon ekspilasyon. (al gade Règleman Chanselye Kolèj A-443). Epitou, yo pa kapab transfere yon elèv san konsantman li poutèt yon ekspilasyon. (Li Règleman Chanselye Kolèj A-450). Elèv andikape yo gen lòt direktiv pwoteksyon selon «Lwa pou amelyorasyon Edikasyon Moun ki Andikape» a (IDEA). Paran yon timoun andikape yo espilse dwe rele sèvis asistans AFC.

Gen de kalite ekspilasyon: ekspilasyon direktè lekòl la deside ak ekspilasyon rektè oswa « Superintendent » la deside. Ekspilasyon direktè lekòl la kapab dire egzakteman 5 jou lekòl alafwa. Ekspilasyon rektè a kapab dire jiska 1 ane epitou sa kapab lakòz ekspilasyon si elèv la genyen plis pase 17 ane nan premye jou lekòl la.

Pou toulède kategori sispansyon sa yo, yo fèt pou avèti paran yo aloral epi alekri epi pou yo endike plent espesifik yo pote kont elèv la. Paran yo gen dwa pou yo kominike yo tout prèv sètifye yo genyen kont pitit yo a ansanm ak yon konferans oswa yon antrevi avèk direktè a. Pou yon sispansyon Superintendent la deside, paran yo gen dwa jwenn yon odyans devan tribinal. Paran epi elèv yo gen dwa genyen pou yon defansè oswa yon reprezantan akonpaye te nan antrevi ak Direktè a oswa nan odyans tribinal la. Elèv yo gen dwa resevwa tout devwadmezon pou fè lakay li,